



*Dwa ou
genyen pou
jwenn sèvis
entèprèt*



Depatman Asistans Tranzisyonèl nan Massachusetts (an anglè DTA) angaje l pou simonte baryè lengwistik ki ta ka anpeche nenpòt moun gen aksè egal ego nan pwogram DTA yo, oswa ki ta ka anpeche nenpòt moun gen opòtinite egal pou patisipe nan pwogram DTA yo. Politik DTA kote li konbine itilizasyon pèsònèl bileng, sèvis entèprèt ak tradiksyon materyèl yo se pou kominike defason efikas avèk moun ki pa rive metrize lang anglè a.

Massachusetts Department of Transitional Assistance

I speak English

Yo hablo Español (Spanish)

我說中文 (Chinese)

ខ្ញុំនិយាយខ្មែរ (Cambodian)

ຂ້ອຍຢາກພາສາລາວ (Laotian)

Tôi nói tiếng Việt . (Vietnamese)

Mwen pale kreyol (Haitian Creole)

Je parle français (French)

Հայերէն լը խօսիմ (Armenian)

Я говорю по-русски (Russian)

Ομιλώ Ελληνικά (Greek)

Parlo Italiano (Italian)

Eu falo Português (Portuguese)

Mówię po polsku (Polish)

FSP - LC (12/92)
09-051-1292-05

1. Tanpri idantifye lang matènèl ou ta renmen itilize lè w ap aplike pou sèvis yo (lè w tyeke bwat ki apwopriye nan kat “I Speak” la oswa nan yon lòt fason).
2. Bezwen ou genyen pou kominike nan yon lòt lang apade de lang anglè pa pral retade detèminasyon elijiblite w oswa resepsyon benefis ak sèvis DTA w yo.
3. Si pa gen ankenn manm pèsònèl bileng ki disponib, biwo lokal ou a pral ba w yon entèprèt lè w bezwen youn, amwenske ou prefere vini avèk wòp entèprèt ou.
4. Si w bezwen èd pou notis oswa lèt ki an anglè ki sot nan Depatman an, biwo lokal ou a pral deziye yon manm pèsònèl bileng oswa yon entèprèt pou ede w.
5. Si w mande yon odyans ekitab epi ou pral bezwen yon entèprèt nan odyans lan, kontakte Divizyon Odyans lan nan P.O. Box120167, Boston, MA 02112, nimewo telefòn 617.348.5321 oswa 1.800.882.2017.
6. Si w gen nenpòt pwoblèm pou jwenn sèvis entèprèt nan DTA, tanpri avize Direktè Opòtinite Egal la, 5th floor, 600 Washington St., Boston, MA 02111, nimewo telefòn (617) 348-8531.

ENPÒTAN! Notis sa a afekte dwa ak responsablite w e yo ta dwe tradui l toutsuit. Si w bezwen èd pou tradui notis sa a, biwo lokal ou a pral deziye yon manm pèsònèl bileng oswa yon entèprèt pou ede w.